

10yèm Konkou Anyèl pou Konpoze Afich

Konkou a ap Ouvri : 5 Janvyè 2026


Dat limit pou Anrejistre : 23 Fevriye 2026

Konkou pou Konpoze Afich nan Pwogram Wout san Danje pou Lekòl (SRTS, ki vle di "Safe Routes to School") Massachusetts la se yon mwayen pou elèv yo sèvi avèk kreyativite yo pou ede nan ankouraje wout san danje pou moun ki sou bisiklèt, ak pyeton, ak moun k ap sikile sou wou nan kominote yo.


Men kouman:

- Elèv yo ap kreye epi remèt yon modèl pou yon afich nan lakou ki genyen deviz ane sa a : **PA KITE MOTÈ MACHE AN PLAS.**
- Etenn motè yon veyikil k ap tann, se pa sèlman yon bagay enpòtan pou redwi polisyon, ak fè anviwonman an pi bon pou sante, men se tou lwa nan Massachusetts pou pa kite yon motè mache an plas san nesite pandan plis pase *senk minit*¹.
- Ou mèt desinen afich yo alamen, oswa kreye yo dijitalman nan fòm LANDSCAPE.
- Kat (4) modèl ki gayan yo pral sèvi pou fè afich pou lakou, ki pral distribye bay lekòl ki patnè SRTS plizyè kote nan Komonwèl la (gade modèl gayan pou ane anvan yo pi ba la a nan [sit entènèt](#)) nou an.

2021 Winning Designs



2022 Winning Designs




2023 Winning Designs



¹ Lwa nan Eta Massachusetts (Chapit 90 M.G.L., Seksyon 16A ak 16B) ak règleman MassDEP kont kite motè mache anplas [310 CMR 7.11(1)(b)] defann kite yon motè mache an plas san nesite pandan plis pase senk minit. Pou plis enfòmasyon sou kalite lè nan Massachusetts, gade nan sit entènèt sou Pwoteksyon Anviwonman nan Depatman Massachusetts la: <https://www.mass.gov/topics/air-quality>.

Direktiv ak Kondisyon pou Kalifye

- Konkou a ouvri pou elèv ki nan **klas 2yèm rive 8yèm**, epi ki enskri nan yon lekòl patnè Massachusetts SRTS.
- Elèv yo mèt bay yon vèsyon 11 x 8 ½ afich la ki desinen alamen ak / oswa yon vèsyon dijital (**oryantasyon peyizaj obligatwa**). Ou ka jwenn yon modèl nan dènye paj la.
- Afich yo bay yo **PA** dwe genyen ladan okenn foto, ni okenn grafik, ni slogan ki anba pwoteksyon dwa otè.
- **Nou ankouraje ANPIL pou fè afich nan plizyè lang pou enterese pi gwo kantite moun nou kapab.**
- Afich yo bay yo **PA** dwe genyen ladan logo SRTS ni MassDOT. Tanpri kite yon ti espas anba paj la pou Pwogram SRTS la kapab mete logo MassDOT ak SRTS yo apre.
- Tanpri asire w ke desen yo konsantrè sou tèm ane sa a.
- Yo pral wè desen ki genyen yo nan yon distans. Chwa koulè ak gwosè font yo enpòtan.
- Elèv yo mèt bay travay pèsònèl yo, oswa travay yo fè an gwoup.
- Dwe genyen yon paran / responsab legal ki ranpli ak siyen fòmilè a (gade nan paj 3), pou rekonnèt tout direktiv konkou a ki ekri nan dokiman sa a. Ta dwe genyen yon reprezantan lekòl la ki siyen tou (si sa posib).
 - Li rekòmande anpil pou tcheke pou erè òtograf ak gramè.
- Yo dwe remèt yon fòmilè ki ranpli ak siyen, avèk chak desen.
 - Tanpri, ekri non / klas elèv la (yo) nan do desen an, pou si li separe ak fòmilè anrejistremman sa a.



Landscape



Portrait

Modalite ak Kondisyon pou Konkou a

Sa ou voye a dwe rive anvan dat **Lendi 23 Fevriye 2026 a pase** ; ou mèt voye li nan kourye elektwonnik oswa nan lapòs :

- **adrès elektwonnik** : Rachel.ODonnell2@aecom.com
- **adrès postal** : Safe Routes to School C/O AECOM, 1 Federal Street, 8th Floor, Boston, MA 02110

Seleksyon Gayan yo : Patisipan nan konkou a ki soit gayan pral resevwa yon notifikasyon nan men reprezantan lekòl ki gen non li nan fòmilè enskripsyon an. Konsa tout modèl yo fin resevwa, yon komite seleksyon pral chwazi jiska kat gayan. Sonje byen, yo pa pral voye travay atis / modèl yo tounen bay lekòl oswa bay elèv yo.

Yo ka mande lekòl ki bay gayan an (yo) patisipe nan yon aktivite rekonesans, oswa pèmèt ògànize youn nan lokal li. Pwogram SRTS Massachusetts la ap kowòdonnen ak administrè lojistik pou aktivite sa a.

Massachusetts SRTS, atravè MassDOT, rezève dwa pou korije oswa refize nenpòt afich k ap patisipe nan konkou a. Tout patisipan yo (atravè reprezantan lekòl la, ansanm ak paran / responsab legal yo) aksepte pou lè yo voye travay yo nan konkou a, yo renonse tout dwa pou touche pou sa, si travay yo sèvi kòm anons pou sèvis piblik oswa nan nenpòt ki medya, rezo sosyal, ajans nouvèl, piblikasyon enprime, oswa nenpòt ki lòt mwayen vizyèl. Patisipan ki gayan yo dakò pou yo mete foto yo nan rezo sosyal ak nan nenpòt ki lòt mwayen difizyon ki se pwopriyete, oswa ki nan sèvis MassDOT ak ògànizasyon oubyen sèvis ki travay avèk li. Lè yo remèt yon modèl pou konkou a, reprezantan lekòl oswa paran / responsab legal yo rekonnèt yo respekte règleman lekòl yo, sou konfidansyalite ak prezantasyon etidyan ak anplwaye lekòl yo. *Tanpri sonje byen, Massachusetts SRTS pral mete logo MassDOT ak SRTS sou tout afich lakou gayan yo.*



Enskripsyon nan Konkou pou Konpoze Afich

ENFÒMASYON SOU LEKÒL

Non Lekòl la : _____

Adrès : _____

Vil, Eta, Kòd Postal : _____

Non Direktè Lekòl la : _____

Nimewo telefòn : _____

Siyati Reprezantan Otorize Lekòl la : _____

[Lè ou siyen fòmilè sa a, ou aksepte tout règleman, modalite, ak kondisyon pou konkou a, ki ekri nan dokiman sou konkou a. **Siyati sa a pa obligatwa, pou soumèt yon travay pou patisipe. Si yo chwazi travay ou voye a, SRTS ap kontakte lekòl la pou otorizasyon li bezwen.]**

Adrès elektwonnik Reprezantan Lekòl la : _____

ENFÒMASYON SOU ELÈV*

Non 1ye Elèv la : _____

Klas : _____

Non Paran / Responsab Legal : _____

Siyati Paran / Responsab Legal : _____

[Lè ou siyen fòmilè sa a, ou aksepte tout règleman, modalite, ak kondisyon pou konkou a, ki ekri nan dokiman sou konkou a.]

Non 2yèm Elèv la : _____

Klas : _____

Non Paran / Responsab Legal : _____

Siyati Paran / Responsab Legal : _____

[Lè ou siyen fòmilè sa a, ou aksepte tout règleman, modalite, ak kondisyon pou konkou a, ki ekri nan dokiman sou konkou a.]

Dat : _____

*Tanpri sonje sa, si te gen plis pase yon elèv ki travay sou yon afich pou lakou, nou mande pou paran / responsab legal chak elèv siyen seksyon Enfòmasyon sou Elèv sa a.

Tache fòmilè sa a avèk chak modèl ki soumèt

